ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПЛАНЪ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№165 (22.823) ● 2014 гъэм шыщхьэІум (августым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я законхэмрэ къинэмыщІ хабзэ мардэхэмрэ «Правовой информацэм и официальнэ интернет-порталым» (www.pravo.gov.ru) зэрытрадзэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм мэлыжьхьыым и 2-м къыдигъэкІа Указ №198-р гъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я законхэмрэ къинэмыщІ хабзэ мардэхэмрэ «Правовой информацэм и официальнэ интернет-порталым» (www.pravo.gov.ru) зэрытрадзэ щІыкІэм и Іэхэукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм мэлыжьхьыым и 2-м къыдигъэкІа Указ №198-р гъэзэщІэн мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм траха электрон копиехэр щІэзэбыдэнымкІэ икІи ахэр «Правовой информацэм и официальнэ интернет-порталым» (www.pravo.gov.ru) иралъхьэн папщІэ щыІэ хабзэхэм тету Урысей Федерацэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ федеральнэ хьумакІуэ къулыкъуцІапІэм егъэхьынымкІэ полномочиехэр етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іэхэухэмкіэ управленэм хьыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департаментым.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хабзэ мардэм и къару зиІэ и унафэхэр «Правовой информацэм и официальнэ интернет-порталым» (www.pravo.gov.ru) иралъхьэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іэхэухэмкіэ управленэм хьыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департаментым игъэхьыну.

3. Мы Унафэм къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм шыщхьэІум и 6-м
№86-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр хьумэнымкІэ щытыкІэр зыхуэдэмрэ 2014 - 2015 гъэхэм къуэм къалэнхэмрэ я Іэхэукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр хьумэныр къыщыізэгъэпэщынымкІэ зэпымыууэ лажьэ и ззэыгъэуІу зэІущІэм и унафэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы Унафэм къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм шыщхьэІум и 6-м
№87-РГ

Унафэм и гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ

● ЗэІущІэхэр

ДыщІэгуэзэвэн щыІэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Щыхьмырзэ Мухьэмэд зэІущІэ ядригъэкІэкІащ Іэщ гъэхъуным елэжь Іэнатіэу ди республикэм итхэм я Іэтащхьэхэм.

ЗэІУЩІЭР теухуат хамэ къэрал ерыскъыхэкІхэр Урысей щІыналъэм къремыгъэшэным ехьэлІауэ къащта унафэм.

Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а Іуэхур кІыхьыбжэуэнукъым, и экономикэр нэхъыбэу зытещІыхьар мэкъумэшымрэ Іэщ гъэхъунымрэщи. Нэрылъагъуу иужьрей илъэсым къахохьэу Іэщышхуэ гъэхъуным зезытхэм я бжыгъэм.

Нобэ щыІэ Іуэху щытыкІэм ипкъ иткІэ Щыхьмырзэм ди фермерхэр тригъэгъуэщ Іэщ лъэпкъыфІ зыгъэхъуэхэм я Урысей зэгуэхэныгъэм хьихьэну икІи щыгуазэ ищІащ Іэщыхьуэхэм я дежкІэ апхуэдэ лъэбакъуэм мыхьэнэуэ иІэмрэ къаритыну Іэмалхэмрэ. Къапщтэмэ, ди щІыналъэм инвестор къешэлІэныкІэ, Іуэхум ехьэлІа щІэныгъэ лъабжьэр гъэбыдэныкІэ ар сэбэп хъунущ. Иужьрейр зытеууэар дуней псом щІэныгъэр я тегъэщІапІэу щыІэ Іэмалхэм ди Іащыхьуэхэр щыгъэгъуэзэнымрэ ахэр къагъэсэбэпыф хъунымрэщ.

Министрым къызэуэсахэм яхуигуэшащ Іэщ лъэпкъыфІ зыгъэхъуэхэм я Урысей зэгуэхэныгъэм и уставыр, абы зыщагъэІуэзэу, я Іуэху еплъыкІэр къагъэлъэгъуэн, гупыж зыщІкэр а зэгуэхэныгъэм хьихьэн папщІэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Налшык-290

Уэ Налшык фІыуэ плъагъурэ?

Налшыкдэсхэм, республикэм щыпсэухэм, къадэм и хьэщІэхэм иджы Іэмал гъуэзэджэ яІэщ Налшык фІыуэ зэралъагъур псалъэншэу къагъэлъагъуэну. ШыщхьэІум и 17-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм и гупэм кІит ЗэгурыІуэныгъэм и утым деж щагъэуваш къалэр зыгъэдахэ «Сэ Налшык фІыуэ солъагъу» дамыгъэр, Налшык къалэр илъэс 290-ра зэрырикъум и щІыхькІэ ящІар.

ДАМЫГЪЭР къыщыізэІуахым утым деж щыізэхэсащ Іуэхур зи жэрдэм, лэжьэн зэрыщІидзэрэ мы гъэм илъэс ирикъу «Республика - общее дело» зэгухьэныгъэм хэтхэр, республикэм и район, къалэ администрацэхэм я лЫкІуэхэр, Налшык Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупІэмкІэ и парк зэгухьэныгъэр, къалэдэсхэр.

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэхуэсахэм щехъуэхъум къыхигъэщащ Интернетыр зэрыкъаруушхуэр, ар къэбгъэсэбэну гуапагъи мыхъумыщІагъи зэрыпхуэщІэнур. Къуэдзокъуэм зэхуэсахэр кІыхуриджащ, «Республика - общее дело» зэгухьэныгъэм хэтхэр я щапхъэу, псори зэкъуэувэу Налшык нэхъыфІ, нэхъ къабзэ, нэхъ дахэ ящІыну.

«Республика - общее дело» зэгухьэныгъэм хэтхэм я цІыкІэ къэпсэльащ ХьэжІуащэ Хьэжмурат рэ Гузеевэ Индирэр. Къалэ администрацэм и Іэтащхьэмрэ Налшык Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупІэмкІэ и парк зэгухьэныгъэмрэ абыхэм фІыщІэ хуащІащ, республикэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ къыхалъхьэ Іуэху дахэхэр зэфІахынымкІэ къаззэрыдэІэпыкъум папщІэ.

- ЩІэблэр зэрыгушхуэну, щапхъэ зытрахыну республикэ къаухуэдгъэнэну ди къалэнщ. Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ. Дызэгъусэмэ, Іуэху къуэтхуэлэжьынуц республикэм зедгъэуэжыным теухуауэ, - жиІащ ХьэжІуащэ Хьэжмурат.

Гузеевэ Индирэ къыхигъэщащ илъэсым къриубыдэу «Республика - общее дело» зэгухьэныгъэм Іуэхуфі куэд зэрилажьар. Къапщтэмэ, ар ядэІэпыкъуащ гулъытэ хуэныкъуэ сабийхэм, Іуэху зэІумыбз зыбжанэм хэжЫыпІэхэр къыхуагъуэтащ. Апхуэдэ Іуэхуфіхэм дяпэкІи пащэну, я зэфІэкІхэм хагъэхъуэну, я зэгухьэныгъэм зрагъэубгъуну я мурадщ.

Уэрэдхэр, къафэхэр, шэІумылхэр щыкъуэда мы зэхъыхьэр гукъинэж хъуащ. Абы кърихьэлІахэм ящыщ куэд Сирием къикІыжа сабийхэм я дэІэпыкъуащ школым зэрызыхуагъэхъэзырыну ахъшэкІэ. Апхуэдэу, а Іуэхум хухахащ «Сэ Налшык фІыуэ солъагъу» дамыгъэр тету ящащ футболкэхэм къапэкІуа ахъшэр.

Ту зылъытапхъэ: «Сэ Налшык фІыуэ солъагъу» дамыгъэр ЗэгурыІуэныгъэм и утым ит псыутхым и Іуфэм дежкІэ щытынущ. ИужькІэ абы игъэдахэнущ ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэр.

БЖЫХЪЭЛІ Розэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди лъэпкъ хабзэхэм я лъагапІэ

Налшык щекІуэкІащ «Нарт джэгукІэхэр-2014» республикэ спорт зэхьихьэшхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІущІэ.

ЗЭПЕУЭР щІыпІэу тІум Іыхьитіу зэщхьэщыхьэу щекІуэкІынущ. Ялэ Іыхьэр Кулиев Къайсын къыщалъхуа унэу Эльтюбю къуажэм дэтым и пщІантІэм шыщхьэІум и 30-м, етІуанэ Іыхьэр Балъкъэр Ипщэ къуажэм фокІадэм и 28-м щекІуэкІынущ. Гупхэр творчествэкІи спорткІи зэпеуэнущ. Зэхьэзэхуэм хэтхэм бзэр зэрагъэшэрыуэр, щІыхуб уэрэдхэр зэрыжьаІэфыр къагъэлъэгъуэнущ, бгырыпхІэ зэбэныныкІэ, шы гъэджэгуныкІэ, ІэпщэрыбанэмкІэ, бгым дэжеиныкІэ зэхьэзэхуэнущ.

«Апхуэдэ зэхьыкъэхэр ди адэжьхэм я хабзэхэр хъумэныкІэ сэбэпышхуэ мэхъу, щІэблэхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэ», - жеІэ «Нарт джэгукІэхэр» проектыр къыззэгъэпэща Тетуев Хьэдис. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, мы зэпеуэхэр республикэм илъэс етхуанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ. Проектым зыкъыщІегъакъуэ «Къайсын гъунэгъу дыхуэзыщІ лъэбакъуищэ» тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэныкІэ фондым. Зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщыхьэр нарт эпосыр хъумэнырщ, КъБР-м ис лъэпкъхэм я хабзэхэм щІалэгъуалэр щыгъуазэ щІынырщ.

«Нарт джэгукІэхэр» проектым хэтыну е абы мылъкукІэ дэІэпыкъуэгъу хуэхъуну хуейхэр псалъэ хъунущ 8-928-708-26-06 телефонымкІэ.

Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Зауэр дэувыІэнкІэ ущыгугъ мыхъунуми

УФ-м, Франджым, Германием, Украинэм я МИД-хэм я унафэщІэхэр тхьэмахуэ мазэ кІуам Берлин зэрыщыізэхуэзам къыкІэлыкІуэн хуейщ а къэралхэм я Іэтащхьэхэри зэІущІэу дунейм щыІэ хъуа щытыкІэм тепсэлъыхьыныр.

Апхуэдэу жаІащ Украинэм и президент Порошенкэ Пётрэ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ дыгуасэ телефонкІэ щызэпсэлъам.

Порошенкэ Меркель фІыщІэ хуищІащ Донбасс щыІэ зэпэщІэтыныгъэр мамыр Іэмалхэмкіэ зэтеуІэфІэжьным хуэунэтІауэ зэфІигъэкІхэм папщІэ. Порошенкэ Меркель Украинэм кІуэну иригъэблэгъащ, къэралитІми я сэбэп зыхэлъ Іуэхухэм тепсэлъыхьын папщІэ.

Нэхъ ижьыщІэкІэ наІуэ къызэрыхъуажкІэ, Меркель Киев кІуэнущ щыщхьэуІум и 23-м. Политологхэм къызэралъытэмкІэ, щхьэгъэпщІэжщ а зэІущІэм Украинэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм щекІуэкІ зауэр дэувыІэну ущыгугъыныр.

Эболэм гъунапкъэ иІэкъым

Африкэм щыщхэр я щхапІэхэм щІамыгъэхьэну унафэ ящІащ Корее Ипщэм щылажьэ ресторан зыбжанэр зейхэм. Ахэр тогуэвыхь а щІыналъэм щыета Эболэ техьэгъуэр я къэралым кърахьэнкІэ.

Ресторанхэм ящыщ зым и бжэм мыпхуэдэу тетхащ: «Къытхуэвгъэгъу, ауэ, Эболэ вирусым ди щІыхуэр щытхъумэн мурадкІэ, ди шхапІэм ящыщІэдгъэхьэркъым африканецхэр». Абы щІыхуэр зэхэ къапэщыт президент хэхыныгъэхэм хэтыну зи мурад Бжание Аслъэн. Абы и штабым къыщыджаІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ а дэфтэрым къыщыгъэльэгъуахэм я нэхъыбэр фІэкъабыльми, арэзы зытемыхъуаи зэрыхэтыр.

Зэреджэну тхылъхэр пщІэншэу ящт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и школакІуэхэу І - 6-нэ классхэм щІэсхэм зареджэну тхылъхэр уасэ щІамыту хуагъэшынущ.*

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ къищэхуащ Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ мардэм тету еджэ, республикэм и еджапІэхэм я 1 - 6-нэ классхэм щІэс школакІуэхэр 2014 - 2015 гъэм зареджэну тхылъхэр. Псори зэхэту сом мелуан 28.849-рэ и уасэ. Къыхэдгъэщынщи, 2013, 2014 гъэхэм республикэм къыщыдагъэкІащ абы щыпсэу лъэпкъхэм я бзэкІэ я щІэблэр зэрыгагъэджэну тхылъ зэмылІэужьыгъуэу 19.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Хъыбар гуапэ

Кучинэ Марие и дыжьын медаль

Цюрих атлетикэ псынщІэмкІэ Европэ чемпионату щекІуэкІам Урысейм и командэ къыхэхам медаль зэмылІэужьыгъуэу 22-рэ (дыщэу - 3, дыжьыну 6, жэзу 13) къыщихьащ, ауэ къыпІысар еплІанэ увыпІэрщ.

Япэ увыпІищыр яІысащ Великобританием, Франджым, Германием я гупхэм. Зэхьэзэхуэм и иужьрей махуэм ди республикэм щыщ Кучинэ Марие Урысейм и командэ къыхэхам и медалхэм зы дыжьын къахитхъуащ.

Метри 2.01-кІэ дэлъеиным етІуанэ зепщытыгъуэм пэлъэщ бжьыпэр иубыдащ Испанием и спортсменкэ Бейтиа Рут. Ди лъахэгъу атлетка Кучинэ Марие метр 1.99-кІэ дэлъейри, етІуанэ увыпІэр къихьащ. Ещанэ хъуащ Хорватием щыщ Шимич Аннэ.

- Псори хъарзынщ! Пэжщ, ятІэ увыпІэр зэрыщІэзмыхьар си жагъуэ хъуащ, ауэ апхуэдэ къохьу. Ар щхьэжэ пщыхьу, уиІэ кІуэт хъунукъым. Сыт щыгъуи ятІэ кІуэтэн, ехъулІэныгъэщхэм хуэпабгъэн хуейщ, - жеІэ Марие.

Габриэлян Геннадий арэзыщ и гъэсэным и ехъулІэныгъэмкІэ, ятІэ увыпІэм пэплъами. «Бжьыпэр къыльымысами, пщащэ ныбжьыщІэм дежкІэ Европэ чемпионатым етІуанэ увыпІэр къыщыхьыныр ехъулІэныгъэшхэущ. Абы екІуу зыкъигъэлъэгъуащи, срогушхуэ», - жеІэ Геннадий.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жансурэт.

Дискъуэш республикэхэм

Жылагъуэ-политикэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ

АБХЪАЗ. *Республикэм и президент къулыкъум щІэкъуэ Дзапшбэ Леонид, Кишмарие Мираб, Хаджымбэ Рауль сымэ Іэ щІадзащ «Айнар» эксперт фондым игъэхьэзыра Жылагъуэ-политикэ зэгурыІуэныгъэм.*

«АЙНАР» фондым и лэжьакІуэ Басарие Аслъэн зэрыжиІамкІэ, зи цІэр къитІуахэм нэмыщІ зэгурыІуэныгъэр даІыгъащ Абхъазым и ЦІыхубэ, Коммунист партхэм, «ЦІыхубэ кІэлъыплъакІуэ», «Абаш» я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Абхъаз Республикэм и журналистхэмрэ СМИ-м и лэжьакІуэхэмрэ я ассоциацэм, «Апсны» газетым и редакцэм, Абхъазым и Мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм, нэгъуэщІхэми.

А зэгурыІуэныгъэм Іэ щІидзакъым къапэщыт президент хэхыныгъэхэм хэтыну зи мурад Бжание Аслъэн. Абы и штабым къыщыджаІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ а дэфтэрым къыщыгъэльэгъуахэм я нэхъыбэр фІэкъабыльми, арэзы зытемыхъуаи зэрыхэтыр.

ЛЪЭПКЪ ІУЩЫГЪЭ:

Дыгъуэжьыр зыщызеуалэм мэлым зыщагъэпсэхуркъым.

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Тхылъ девгъаджэ

Налшык и махуэм ирихьэлІэу Сурэтыщ1 Гъуэздэжмкіэ музейм щекІуэкІынущ «Литературный Нальчик» зыфІаща гъэлъэгъуэныгъэр.

ІУЭХУР къыхэзыльхьа Налшык и тхылъ хъумапІэ системэ нэхъыщхьэм и унафэщІым и къуэдзэ Бондаренкэ Маринэ зэрыжиІамкІэ, выставкэм и къалэн нэхъыщхьэр ди цІыхур, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, лъэпкъ, урысей, дунейпсо литературэм гъунэгъу хуэщІынырщ. ЖэрдэмщІакІуэм апхуэдэу къыхигъащІащ, къыдэкІуэтей щІэблэм, компьютерым бгъдэс защІэ мы хъыу, тхылъ еджэнри яфІэфІу щытын зэрыхуейр.

ЦБС-м и лэжьыгъэм курыт еджапІэхэм щыпищэнущ. Апхуэдэу гъэкІуэкІ къалэм и утхэм, фэеплъхэм я Іэгъуэблагъэхэм, Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэм. Абыхэм я фІыгъэкІэ ди цІыхур нэхъ куууэ зэгуэза мэхъу Налшык и тхыдэ къулейм.

Музейм щыІэну гъэлъэгъуэныгъэм хуагъэхьэзыр Урысейм, КъБР-м я тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я фэеплъхэр, абыхэм я щІэхэр зыфІаща уэрамхэр къызыхэщ видеофильмхэр.

ЦБС-м и лэжьыгъэм курыт еджапІэхэм щыпищэнущ. Апхуэдэу гъэкІуэкІ яригъэкІуэкІынущ «Уэ езым уи Налшык къызэІух» джэгур. Ар теухуащ ди къалащхьэм и тхыдэм ехьэлІауэ гъэщІэгъэнэн ящыхьуа хъыбархэр зэхуэхьэсынымрэ ахэр хэІущІыІу щыынымрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм шыщхьэУм и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №087-РГ-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныр къыззэгъэпэщынымрэ 2014 - 2015 гъэхэм къэув къалэнхэмрэ я Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныр къыззэгъэпэщынымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэм къищта

Унафэ

Хабзэр хъумэныр цІыхухэм я социально-экономикэ гъащІэм и щытыкІэр нэхъыбэ дыдэу зэлъытА Іуэхухэм ящыщщ. 2014 гъэм и ІапэитІ лъэс ныкъуэм экономикэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІныгъэ пыухыкІахэр щыІащ икІи апхуэдэ зэхъуэкІныгъэхэм адэкІи ящыщхэр властым и органхэм я Іэшан пэрытщ. ИлъэскуэдкІ лъандэрэ ахуэзфІэмыкІауэ, иджы ящІ ДыдэУ дин-экстремист гупэжр нэрылъагъуУ къыжьдакъуащ, абыхэм мыльку кІэ ябгъэдэлъ зэфІэкІым хэщІыныгъэ нэрылъагъуХэр ираташ, къызэгъэпэщынигъэ и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, ахэр зэкъуаудащ. Адрей хабзэншагъэхэм ебэнынымкІи ехъулІныгъэ пыухыкІахэр щыІэщ.

Республикэм щыщыІэ криминальнэ щытыкІэр яэыныкъуэхэм деж зэІыхьэми, а щытыкІэм хабзэхъумэхэм я нэІэ трагъэтщ. Ауэ зэкІэ иджыри куэд мэхъу ягъэтІысауэ щытахэм ящыщу къытрагъэзэжу хабзэм ебакъуэхэр, гъуэгухэм къыщыхъу щІэщхьухэм зэкІуадэхэм я бжыгъэр, балигъ мыхъуахэр, апхуэдэу чэфхэр яхэту дыгъакІуэхэм зэхащІыхьхэр. Экономикэм и Іэнатіэм, коррупцэм ебэныным яхуэгъэза хабзэншагъэхэм иджыри нагъэсаУэ жьыджэру бгъэдыхьэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Жариков О. О., къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Васильев С. В., Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ Кменный С. Л., Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъныныкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Сокъур О. Хь., Налогхэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ КІэрэф М. А., Аруан муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэщей А. Д., Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и «Прохладнэ» район зэхуакІ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Макеев Э. Н., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъныныкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ ЗекІуэрей З. Хь., Щыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Зумакулов Б. М., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и ипэ къуэдзэ Жаным Р. М., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Атте-ев Ж. Ж. сымэ жаІахэм едаІуэри, тепсэлъыхьауэ, зэІущІэм хэтахэм **унафэ ящІ**:

1. Чэнджэщ етын:

1.1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм (Жариков О. О.):

хабзэхъумэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ псори зэрызэрагъэУІур егъэфІэкІуэным адэкІи елэжьыну;

коррупцэм пэщІтыным пыща Іуэхуэхэм гулъытэ хэха хуищІыну.

Нэхъри игъэлъэщІыу:

сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэмрэ псэупІэм екъэлІа я хуитныныгъэхэр, адрей социальнэ хуитныныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым зэрыкІэлъыплъыр;

къэрал, муниципальнэ мылькур къэгъэсэбэнынымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и Іуэхутхьабзэхэмкіэ, хьарычэт Іуэхум хэтхэм я хуитныныгъэхэр къызэгъэпэщынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм зэрыкІэлъыплъыр;

цІыхухэм лэжьыгъэмкІэ, псэупІэмкІэ я хуитныныгъэхэмкІэ, узынишагъэр хьумэным, социальнэ Іэнатіэм хуэгъэза хуитныныгъэхэмрэ шэсыпІэхэмкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм;

Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэкіэ законодательствэр зэрагъэзащІэм.

1.2. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм (Васильев С. В.):

экономикэм и Іэнатіэм ехьэлІауэ, апхуэдэу хабзэм къемызэгъыу ахъшэкІэ джэгуныр къызэгъэпэщынымкІэ щІэпхъащагъэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэм и Ипщэ дзэ округым къулыкъу щызыщІэхэмрэ «Іуащхьэмахуэ и мемориал» къэлъыхъуакІуэ гупым хэтхэмрэ. Нэхъ ИужькІэ, щыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ, лъыхъуакІуэ нэхъыбэхэр зыхэт гупыр ежьащ, Хэку зауэшхэм и лъэхъэнэм Іуащхьэмахуэ щыхэкІуэда ди зауэлІхэр кьалъхьуэн папщІэ. ТхьэмахуитІым кІиуубыдэу абыхэм красноармеец 14-м я къупщхьэхэр, шэ, Іэщэ зэмылІэужьыгъуэхэм я къутахуэхэр кьаГъуэтыжащ.

Иджыпсту къуршым щыІэжьэны тыншкъым. Гупыр здэщІэ щІыпІэм щэжагъуэ нэужьым щІыІэ щохъу, уэс кІыщос. Гупым хэтхэм ящ щІыкІэ уэсыр яттхъу, абы и ужькІэ инженер къэхуэтэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ, къэуэнкІэ шынагъуэ зыпылъ шэхэр, лагъымкъэр къагъуэтын папщІэ. А псоми я ужькІэщ лъыхъуакІуэхэр я Іуэхум щыпэрыувэр. Гупым хэтхэм лэжьыгъэ псори фокІадэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

ТАРИМ Алисэ.

ЯПЭ ЩІЫКІЭ Іуащхьэмахуэ и джабэхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм и Ипщэ дзэ округым къулыкъу щызыщІэхэмрэ «Іуащхьэмахуэ и мемориал» къэлъыхъуакІуэ гупым хэтхэмрэ. Нэхъ ИужькІэ, щыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ, лъыхъуакІуэ нэхъыбэхэр зыхэт гупыр ежьащ, Хэку зауэшхэм и лъэхъэнэм Іуащхьэмахуэ щыхэкІуэда ди зауэлІхэр кьалъхьуэн папщІэ. ТхьэмахуитІым кІиуубыдэу абыхэм красноармеец 14-м я къупщхьэхэр, шэ, Іэщэ зэмылІэужьыгъуэхэм я къутахуэхэр кьаГъуэтыжащ.

Иджыпсту къуршым щыІэжьэны тыншкъым. Гупыр здэщІэ щІыпІэм щэжагъуэ нэужьым щІыІэ щохъу, уэс кІыщос. Гупым хэтхэм ящ щІыкІэ уэсыр яттхъу, абы и ужькІэ инженер къэхуэтэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ, къэуэнкІэ шынагъуэ зыпылъ шэхэр, лагъымкъэр къагъуэтын папщІэ. А псоми я ужькІэщ кІэщ лъыхъуакІуэхэр я Іуэхум щыпэрыувэр. Гупым хэтхэм лэжьыгъэ псори фокІадэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

ТАРИМ Алисэ.

Іуащхьэмахуэ щыхэкІуэдахэм ящыщхэр къагъуэтыжащ

● Фэеплъ

ЛІыхъжьхэм яхуэфащэ гулъытэ ягъуэтыжынущ

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым иджыблагъэ щекІуэкІащ «СтІол хъурей», Ящэ дунейпсо зауэр зэрыщІидзэрэ ильэсищэ зэрырикъум теухуауэ. «Вече» жылагъуэ загухьэныгъэм и унафэщІ Канунников Александрэ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и Іэтащхьэ Вэрокъуэ Владимирэ къызэрагъэпэща зэІущІэм кьрихьэлІат тхыдэмкІэ щІэныгъэлІхэр, дин лэжьыкІуэхэр, ди республикэм щыпсэу льэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым я щэнхабзэ центрхэм я лІыкІуэхэр.

ЯПЭ дунейпсо зауэм хэкІуэдахэм папщІэ ефэндым дыуэ ящІыгъэщІащ зэІущІэр къыщыізэІуахыу. Зэхуэсыр езыгъэкІуэкІа Канунников Александр абы и ужькІэ жиІащ илъэсищэ и пэкІэ екІуэкІа зауэм зи псэ щызыытахэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьым теухуа Іуэхугъуэхэр иужьрей илъэхэм ди кьэралым зэрыщекІуэжІыр, ди цІыхухэм ар жьыдэру зэрыдаІыгъыр.

- Тхылъ куэдкІи къыпхуэІуэтэжынкъым къызысыхьэІа лъэпкъкІэ, зэрахьэ динкІэ зэхэгъэж ямыщІэу а зэманым хэкур зыхъумэжа зауэлІхэм зэрахьа а лІыгъэр, - жиІащ Кануннировым.

Зауэр зэрекІуэкІа щІыкІэм тепсэлъыхьащ тхыдэдж, щІэныгъэлІ, тхакІуэ Опрышко Олег. Ящэ дунейпсо зауэм теухуа и тхылъыр щитхым, а Іуэхугъуэм екъэлІа архив дэфтэр куэдым щыгъуазэ зищІауэ зэрыщытар игу кьиГэкІыжащ абы.

- ГъэщІэгъуэракъэ, Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэс 50 фІэкІа дэмыкІауэ, адыгэ лъэпкъым зыкъумыжьыжауэ, Къэбэрдей полкым къызэрагъэпэщыну жэрдэм къыхалъхьэри, пащтыхым и деж тхылъ ягъэхьат, хэкур хъумэжыну зэрыІуэху щхьэпэр зи лъым хэту къэгъуэгурыкІуа лъэпкъым, - жиІащ Опрышко. - Къэбэрдей полкым и щапхъэкІэ дагъыстан, шэшэн, осетин, шэрджэс полкхэри къызэрагъэпэщу хуежьати, пащтыхым и унафэкІэ «дивизие Іэкіэ» зэджэу щыта, «Кавказская туземная дивизия» зыфІащар къэунэхуащ. Къэбэрдей полкым и зауэлІ куэдым дамыгъэ лъапІэхэр кьыхуагъэфащат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдым кьагъэзэжакъым икІи совет властым и зэманым абыхэм я феэплъыр яхуэмыфащэу Іэщ1ыб ящІащ.

Апхуэдэхэм я щапхъэ зыбжанэу тхакІуэм утыку кьрихьахэм ящыщщ хахуагъэ зэрахьэу зауэм хэта Кьугъуэлъхъуэ Мысострэ молэ Щоджэн Іэсхьэдрэ совет властым зэрыІэщІэкІуэдар, «пащтыхым щхьэщэ ІуэхущІа» дзыр фІащу.

Тхыдэдж, профессор Голяндин Николай «Ягу ихужа зауэм и махуэ 1554-рэ» зыфІища гъэлъэгъуэныгъэу къызэхуэсахэм я пащхьэ кьрилъхьам щыжиІащ зауэм хэта кьэралым хэщІныгъэу ягъуэтар зыхуэдизыр, лІыхъужьыгъэ къэзыгъэлъэгъуахэм я фэеплъыр зыфІэгъэувэжьын папщІэ а къэралхэм, УФ-м щкІуэкІ Іуэхугъуэхэр.

Тхыдэдж Мэлбахъуэ Къэралбий тепсэлъыхьащ Ящэ дунейпсо зауэм и напэкІуэцІхэр литературэм къызэрыщыгъэлъэгъуам. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ литературэм кьыдэкІуэу кинематографиеми абы гулъытэщхуэ щыхуащІу зэрыщытыр икІи «Дивизие Іэлыр» зыфІаща фильмыр Голливуд зэрыщытрахам и гугъу къахуищІащ.

- Лъэпкъхэм яку дАлъ зэныбжьагъэр гъэбыдэныжьмкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхущ ди тхыдэр къэдгъэщІэжу ар ди щІэблэм ябгъэдэтлъхьэныж. ЛбыкІэ сэбэп хъуну Іэмалхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, кьуажэдэхэм я мылъкукІэ Котляревскэ станицэм щыщу Ящэ дунейпсо зауэм хэкІуэдахэм я цІэхэр тету абы щагъэува фэеплъ сыныр, - жиІащ а жылэм дэт музейм и унафэщІ Клевцовэ Лидие.

А гупысхэм къыпищащ «Захуагъэ зэрыщыІэ Урысей» партием и кьудамэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэ Кебеков Владимир. Абы къыхигъэщащ Кавказ Федерацэм и щІыналъэ Іуэхущ1апІэр. Ар щыщу Ящэ дунейпсо зауэм хэкІуэдахэм я цІэхэр тету абы щагъэува фэеплъ сыныр, - жиІащ а жылэм дэт музейм и унафэщІ Клевцовэ Лидие.

А гупысхэм къыпищащ «Захуагъэ зэрыщыІэ Урысей» партием и кьудамэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэ Кебеков Владимир. Абы къыхигъэщащ Кавказ Федерацэм и щІыналъэ Іуэхущ1апІэр. Ар щыщу Ящэ дунейпсо зауэм гъуэгум щытеуа щІыпІэм, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и унэм деж, фэеплъ пхъэбгъу ягъэувыну унафэ зэрыщыІэр икІи къызэхуэсахэр а хъыбарым щыгуфІыкІащ.

- Ящэ дунейпсо зауэр ягу къыщыкІыжькІэ абы лІыхъужьыгъэ щызэрахьэу, урысей къэралыгъуэр биим щыхъужьмэным псэемыблэжу хэта «Кавказ дивизием» хуэфащэ гулъытэрэ къэралым и тхыдэм ущыпІэ щхьэхуэрэ щигъуэтыну ди гуапэт, - жиІащ Кебековым.

Ящэ дунейпсо зауэм зэрыщІидзэрэ илъэсищэ зэрырикъуам ирихьэлІэу кьыдагъэкІа медалхэр ираты щу хуэхуауэ хъехутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІа дэтхэмэ, а зауэм хэта лІыхъужьхэм я унагъуэхэмэ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Ди къэкІуэнур зэлъытахэр

«ЩІыхур фІыуэ щалъагъурщ медицинэ нэс здэщыІэр». - жиІэгъат Гиппократ. Мы псалъэ гуапэхэр епхьэлІэ хъунущ ЩЭДЖЭМ кьалэм дэт районым сымаджэщым и лэжьакІуэхэм. Псом хуэмыдэу кьыхэзгъэщынут илъэс 60-м щІигъуауэ лажьэ гинекологие къудамэм и Іуэху зехьэкІэр. А зэманым кьриубыдэу щыхуб щыщІэтрагъэувэжащ абы.

● Узыншагъэ

А КЪУДАМЭМ илъэсым кьриубыдэу щыхуу 1200-м щІигъуи зыщыкІэлъагъэплъ, абыхэм я процент 40-р сымаджэ хьэпІэу къыщІогъуалъхьэ. Нэхъыбэу абы кьокІуалІэ щІыІэ зыхыхьа щІыхубзхэр, уэндэгъуэхр. Кьыхэгъэщыпхъэщ, кьудамэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэгъэпэщам и фІыгъэкІэ, абы, щІыхубзхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэм и мызакъуэу, операцэ зэмылІэужьыгъуэхэри зэрыщащІыр. Сымаджэщым щылажьэ дохутырхэм операцэ зэхуэмыдэу 400-м щигъу дагъэнэшэу ящІащ мы гъэм. ЦІыхубзхэм япкъырыузыфхэхэр зыхуэдэр тыншу кьахутэф гистероскоп Іэмэпсымэм и фІыгъэкІэ.

Сымаджэкэр хущхъуэхэмкІэ зыхуей хуагъаззэ, кьуат зыщІэлъ ерыскъыкІэ яГьаІащэ, ахэр зыщІэлъ пэшхэр хуитщ икІи кьабзэу зехьащ. Нэхъыщхьэрэщи, сымаджэщым щылажьэ дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ зи лэжьыгъэм фІыуэ хэзыщыкІ цІыху гумызагъэхэщ, дэтхэнэ сымаджэмки бгъэдыхьэкІэ тэмэм кьыхуагъэтыфу. Абыхэм кьагурОуэ пЪэпкъыми къэралым я къэкІуэнур цІыхубзым куэдкІэ зэрелъытар, нэгъуэщІу жьпІэмэ, щІэблэ узыншэ кьыитщІэхъуэныкІэ бзыльхугъэхэм я узыншагъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Гинекологие къудамэм и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Атабиевэ ФатІимэ хуэзфІэкІ къиГанэркъым и нэІэм щІэт дохутырхэм я лэжьыгъэр кьайхъулІэн, сымаджэхэр арэзы ящІын щхьэкІэ. Дохутырхэм я щІэныгъэм зэрыгъэзэнэр, сымаджэхэм псэкІэ пэгъунэгъу захуэщІыныр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу кьелытэ зиІэ икІи игъалъхьэхэр цІыху щабэу, бзэ Іэфіу зэрыщІытыр кьыхьегъэщ, Апхуэдэхэм ящыщщ КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, СССР-м узышагъэр хьумэныжьмкІэ и отличник, категорие нэхъыщхьэ зиІэ хирург Гелляева Раисэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр КІасэ Люся, ящэ категорие зиІэ дохутыр Лыхь Іэсиет, категорие нэхъыщхьэ зиІэ дохутыр Сабанишы Тамарэ сымэ, зи Іэнатіэм жьыджру пэрыт медсестрэ Іэпэ щабэжэ, нэгъуэщІхэри.

Кьудамэм зыщызыгъэхъужа цІыхубзхэм я арэзыныгъэ, я псалъэ дахэ зэхьбох Іуэхущ1апІэмрэ абы щылажьэхэмрэ ятеухуауэ. Ди гуапэщ и лэжьыгъэм гуКъыдэж къаритУ, хъуэхъу дахэ кУэд къыхужаІэу, узынышу иджыри илъэс кУэдкІэ я Іэнатіэр ирахьэкІыну.

ТАБЫЩ Динарэ.
Сурэтыр **Османов Хьисэ** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

Майдэсхэм я чэзут

Налшык. ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм, щекІуэкІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ Налшык къалэ администрацэмрэ къызэрагъэпэща «Іьагъэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!» фестивальм къыпызыщІэ махуэшхуэр. КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмрэ Налшык къалэр илъэс 290-рэ зэрырикъумрэ игъэлъапІэу зэхащІа Іуэху дахэр фокІадэм и кІэух пщІондэ екІуэкІынущ. Щыщхьэ-Іум и 17-м утыкур лъысащ Май щыналъэм.

РАЙОНЫМ и артистхэр зыхэта концертыр ягъэхъэзыращ Майкэ кьалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и лэжьакІуэхэм. А концертыр ирагъэкІуэкІащ Черкесовэ Маргаритэрэ Тебэтарёв Василийрэ. Ар «Злато колечко» уэрэджьІакІуэ гупым кьызэІуихащ «Песня о Майском» уэрэдмкІэ. Орлов Николай, Лия, Коваленкэ Аннэ, Широбоков Иван, Водогрецкая Ирина, Васильевэ Евгения сымэ я макъ жьгъыпур ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм нэжагужу щхьэщагъэІуКІащ. Уэрэд зыбжанэ игъэзащІащ районым и къэзакъ хорым.

Майдэсхэм зыкьызэрагъэпэгъуар я гум дыхьащ зыщыи щІэми. Махуэшхуэр езыгъэкІуэкІахэм упщІэ гъэщІэгъуэнхэр хуагъэхьэзырат кьрихьэлІахэм. Псом хуэмыдэу жьыджэру жэуап ятащ нэхъыщІэ дыдэхэм.

НАФІЭДЗ Заремэ.
Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Илъэс ныкъуэм кърикІуахэр къапщытэж

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щІыналъэхэмрэ Къалмыкъ Республикэмрэ электрокъарукІэ кьызэгъэпэщыныр зи пщэ дэзыльхьэжахэм я «Россети» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахам и генеральнэ директорым и ятэ къуэдзэ Гладышев Андрей щыщхьэуІум и 14-м Пятигорск кьалэм щекІуэкІа брифингым кьыщыщІэсалъэм кьыгъэльэгъуащ 2014 гъэм и ятэ мазихум щІыналъэм электрокъарур щызыщэ компаниехэм ирагъэкІуэкІа лажьыгъэр зыхуэдэр.

АБЫ журналистхэм яжриІащ отчет льэхъэнэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ингушым, Къалмыкъым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием я опт рынокым электрокъарум и уасэр тынымкІэ щІыхуэхэр нэрылъагъуу зэрагъэмэщІар. Абыхэм кьадэкІуэу, Гладышев Андрей къыхигъэщхьэхукІащ а зэман дыдэм кьриубыдэу псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ бюджет Іэнатіэмрэ я щІыналъэ Іуэхущ1апІэхэм кьагъэсэбэпа электрокъарум и уасэр тынымкІэ Зыгъэрагъэхэ щІыхуэр нэрылъагъуу нэхъыбэ зэрыхуар.

«Бюджет ахъшэм ирилажьэ Іуэхущ1апІэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щІэхэм 2014 гъэм и ятэ мазихум и закъуэ аргуэру щІыхуэу сом мелуани 128-рэ, Кавказ Ищхъэрэм щыІэ республикэхэм я псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм хиубыдэ предприятэхэм сом мелуани 179,5-рэ ятехуащ», - къыхигъэщащ доклад зыщІам.

Брифингым зэрыщыжаІамкІэ, зытепсэлъыхь зэманым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Къэрэшей-Шэрджэсым кьагъэсэбэпа электрокъарур нэхъ мащІэщ, зэгурыІуэныгъэхэм кьыщагъэльэгъуауэ щытам нэхърэ. Абы и щхьэусыгъуэр бюджет Іуэхущ1апІэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэмрэ ирикъуу энергием и уасэр зэрамытырщ. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущ1апІэу нэхъ щІыхуэзыщІ зытелъхьэм ящыщщ Налшык къалэм и «Водоканал» компание» муниципальнэ Іуэхущ1апІэр. Иджыпсту абы щІыхуэу сом мелуан 98-м щІигъу телъщ.

Гладышев Андрей и псалъэм хуэсыщащ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэм къыщагъэсэбэп электрокъарум и уасэр нэгъэсауэ ятын папщІэ акционер зэгухьэныгъэм и унафэщІхэм Іуэху пыухыкІахэр зэрызэхальхьар, абы и льэныкъуэкІэ ахэр дяпэкІэ щІыналъэхэм я унафэщІхэм нэхъ тэмэму ядэлэжьэну зэрамурадыр.

ДЖЭДГЪЭФ Татьянэ.



Студентхэ Бэгъуэтыж Светланэ. *1965 гъэ.*

● Дифі догъэтъапІэ

Шыщхьэуіум и 13-м къыщалъхуа махуэр игъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу нэгъуэщІ щІыналъэ Іэджэми къыщацІыхуу оперэр уэрэджьІакІуэ гъуэзэджэ, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артисткъ, Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и егъэджакІуэ Бэгъуэтыж Светланэ Батыр и пхъум. 1960 гъэм Налшык дэт музыкэ училищэр къэзыуха хъыджэбзыр абдеж къызэрыщымыувыІэнур гурыІуэгъуэт. Абы иужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Собинов Леонид и цІэр зезыхъэ Саратов консерваториэм. 1965 - 1969, 1977 - 1998 гъэхэм ар щыІэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармониэм, а зэманхэм я зэхуакуэ дэта ильэсиём ди республикэм и Музыкэ театрым и уэрэджьІакІуэщ. 1998 гъэм щегъэжьауэ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ колледжым и егъэджакІуэщ Светланэ, иужьрей ильэс зытхухым Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и лэжьакІуэщи, профессиональнэ уэрэджьІакІуэ хъуну хуейкэм я гъэзугъэльэгъуэщ.

Япэ...

ОПЕРЭ уэрэджьІакІуэ хъуным къыхуигъэщІа Светланэ къыхуихуащ зыми ямыгъэзэщІа лэжьыгъэхэр псом япэ кІуихуэу утыку кІурихьэну. Дауэ мыхъуми, оперэ уэрэд жьІэкІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыцІэрыІуэтэкъым, цІыхухэм къагурымыІуэнми утешыныхь хъуну къащІэкІынут а зэманым. Псалъэм папщІэ, Бэгъуэтыжращ япэу Мадинэ (Балэ Мухьэдинрэ Къэрдэн Хьэсанрэ зэдэтха «Мадинэ» оперэм), Виолеттэ (Верди Джузеппе и «Травиата»-м) сымэ я партиехэр зыгъэзэщІар. Хьэлупэ Джэбрэил и адыгэ бзылъхугъэ уэрэдхэр 1983 гъэм япэу жиІащ Светланэ, «Зу-зу, баринэ» Іыхьэм щыщ уэрэдипщІ Композиторхэм я унэу Москва дэтым щигъэІуат. Мыбыхэм я бжыгъэм адэкІи пхупыщэнущ. ГъэщІэгъэнэр нэгъуэщІщ: сыт хуэдэ «псом япэу» ущытыныр, зыми имыщІа утегушхуэу утыку кьипхьэныр.

- Абдежым абы уегупсысыркъым. Уигу ирихьрэ - жыбоІэри, иужькІэщ къыщыбгурыІуэр зыми жамыІэфа е зыми хуамыгъэльэгъуа цІыхубэм зэрахэпхьар. АтІэми ар уи щІалэгъуэм къыщыщыхъум деж фІы дыдэщ. Иджыпсту зыми а лэжьыгъэхэр кьыхуигъэльэгъуэну къыщІэкІынтэкъым (мэдыхьэшх) икІи хуейкъым. Ар тхыдэм хьихьакІэщ. Сэ си кІэн кьикІри япэу ахэр згъэзэщІащи, гъащІэм сыхуэзарэзыщ. Композиторхэм псомкІи сэр папщІэ ятхырт лэжьыгъэхэр, романсхэри хэту. Си ужькІэ уэрэджьІакІуэхэм ахэр щагъэзащІэкІэ цІыхухэм зрагъэпщэн, зралъытын щІадзэрт. Ауэ сэ къэсльытэркъым зым щхьэкІэ ятхар нэгъуэщІым жиІэ мыхъуну. Си макъым, си зэфІэкІым теухуауэ гукъэкІ ящІу ахэр композиторхэм зэрысхуатхам срогушхэу, ауэ ахэр зэрагъэзэщІэфым псори еплъыну хуиту къысщохьу. Сэ сэмыщхьу, нэгъуэщІ зыгуэру, нэхъ щІэщыгъуэу ящыІэнри хэтщ.

Псалъэм папщІэ, Темыркъан Борис сэр щхьэкІэ лирикэ уэрэд цІэрыІуэр ятхыу ар жаІэ телевиденэкІэ, радиокІэ къата иужь, уэрэджьІакІуэ куэдым ар жаІэ хъуащ. Абы щыгъуэ си репертуарым хэта уэрэдхэр жьызымыІэр укІуэдыж. Абыхэм сфІэфІу содаІуэ, сыт щхьэкІэ жьІэмэ уэрэдыр кІуэдыжыркъым, псэущ, псоми щхьэкІэ композиторым ар эритхар наІуэ хъуну.

Композитору, усакІуэу сызыдэмылэжьа щІагъуэ щыІэкъым. Темыркъан Борис, ХьэлупэДжэбрэИл, Тхьэгъэзит Зубер, КІыщокъуэ Алим, нэгъуэщІхэри я лэжьыгъэхэмкІэ си макъым къыпэджэжырт. ЩІызэзэщІэкІэ зэхуэмыхъуу е сигу иримыхьу зыгуэр къыхэкІмэ, щажеСІэ къэхъурт, сащыгурымыІуи къыхэкІыртэкъым. ЖыпІэнурэ къэ, композитор - усакІуэ - уэрэджьІакІуэ зэпыщІэныгъэр гъэщІэгъуэну зэщІэжьыуэрт, я Іэдакъэщ Іэкіым макъыр зэрыщІэувэр ягу зэрырихьым сигъэинырт.

Псэм пэгъунэгъур

ФИЛАРМОНИЕМ зэрыщыІэжьа ильэсхэм Светланэ куэд кьратауэ кьелъытэ. Камернэ уэрэджьІакІуэм и пщІ къыдохуэ и закъуэу романсыр е оперэм и зы Іыхьэ ариер тетеатрепльэм я фІэщ хъууэ кьиджэгуныр. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдэ лэжьыгъэм уепсыхь, уи къэухьми зрегъэужь. «ИужькІэ театрым сыщыкІуам мис ар сысейт, - игу кьегъэкІыж Бэгъуэтыжым. - Уи гъусэу утыкум итхэри оркестрри кьыддоІэпыкъу, уэри ууэрэджьІакІуэ къудейкъым, драмэ актрисэуи уоджэгу».

Оперетте зыбжанэми щыджэгуащ Бэгъуэтыж Светланэ. Сыт хуэдэ Іуэхуми еплъын, ар гъэунэхун хуейуэ кьелъытэ уэрэджьІакІуэм. Сыт хуэдиз адыгэ уэрэдыжь жиІа абы, иджыпсту зыми зэхамыхьу, щыІэуи ямыщІэххэу. «Шэрджэс щыхубэ уэрэдхэр» Даур Аслъэн къыхуихьу «мыхэр схужьпІэн, Светз?» щыжиІар, ахэр егъэтхъныим ящыщихьар нобэ хуэдэщ. Арщхьэкіэ а Іэхьу дахэр зэхэзыубла, окрестрым и гъусэу ахэр егъэтхын гукъэкІ дахэр зэхъуІуа Аслъэн нобэ къытхэтыжжкъым. «Ильэс щищ ипэкІэ ятхауэ зи Іэрыкіыр ямыщІэж, ауэ зи макъамэр нобэм къэса уэрэдхэм сыщедаІуэм си щхьэфэцыр тэджат, - игу кьегъэкІыж Светланэ. - Макъамэм апхуэдизкІэ фІыуэ, зыхуей хуэззэу елэжьыжат Аслъэни, «хьэуэ» жесІэфынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Иджы ахэр къыдэрнам, пластинкэм тету зэрыщыІэм егъэлеяуэ сыщогуфІыкІ». Апхуэдэу ХьэІупэ Джэбрэилии оркестровкэ хуищІауэ щытащ Светланэ иригъэгъэзэщІа уэрэд зыбжанэм.

Куэдрэ кьохьу щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкІыу, нэхъыбэу дирижёрым и зэранкІэ, уэрэджьІакІуэм и макъыр кьарууншэ оркестрым щыщІэхъуІ. Апхуэдэ зэи къыщыщІауэ къыхущІэжыркъым Светланэ.

Гъэхэр къызэзыпэкІ уэрэдхэр

ХЭТ зымыщІэр Шехгалдян Артемий и «Си нэ дахэ», «Университетский вальс» уэрэд цІэрыІуэхэр, Молэ Владимир и «Школьный вальс»-р, Кьардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин сымэ макъамэ зыщІалъхьауэ Светланэ жиІахэр. Куэд, куэд дыдэ мэхъу ахэр. Ахэр псори Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэм и дыщэ гъэтІылъыгъэ хъуащ.

- СыкъыщацІыхужкІэ, си гуащІэм и гугъу къыщыкІуащІкІэ жызоІэ: «Дауэ мыхъуми, ауэ сытми сыкъытехьа къыщІэкІынтэкъым сэ мы дунейм». Зэ утыкум укъихьэу къодаІуэхэм я нэхэм ущыщІэплъэкІэ, гухэхъуэгъуэу бгъуэтыр псалъэкІэ пхужкІэнукъым. Дэтхэнэ зыми езым кьыщыща гуэр игу кьегъэкІыж, лъагъуныгъэм е фІыуэ зэрыльагъуэр зэпэІэщІэ зэрыхъуам теухауэ жысІэхэм щедаІуэкІэ. Арагъэнщ сценэм зыІэпишар, Іэгуауэм и ІэфІыр зыхэзыщІар абы тэнщу къыщІимыкІыжьфыр, - жеІэ Бэгъуэтыжым. - Си профессорым къызжиІат: «Светэ, макъ мыин дыдэ уиІэу ар ебгъэфІэкІуэфынкІэ, абы зебгъэужьыфынкІэ мэхъу, ауэ псэр зыми кьуитынукъым». Ар зэи зыщцызгъэгъупщэркъым, уэрэджьІакІуэ щІыІэу, псэнщэу сызэрыщцымытынми сыт щыгъуи яужь ситащ. Арагъэнщ театр пэшым щІэсыр си макъымкІэ схуэгъаГыу сыкъыщІэгъуэгурыкІуар».

Игъагъым и закъуэт, кьэмэх кьахэкІырт, лІа я гугъэу. Псом хуэмыдэу апхуэдэ нэхъыбэу кьыщыхъур «Травиата» оперэрат. Бэрэгъун Владимиррэ Дэбагъуэ Хьэсанрэ зэблэкІыу яГъэзащІэрт Альфред и ролыр. Зэгуэрым Бэрэгъунрэ и джэгуІуэзу оперэм елпъащ Светланэ и пхъур. Ихуа иужь, хъыджэбз цІыкІум Іэплъэ кьыхуэзыщІыну хуежьа Владимир абы зыбгъэдигъэхьакъым: «Уи яГъэкІэ мамэ лІащ», - жиІэри.

Романс зыгъэзащІэхэм я Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ зэпеуэм ящэ увыпІэр кьыщихьауэ щытащ Светланэ. Куэд мэхъу а лэжьыгъэхэр, ахэри егъэтхауэ Вэрэкъуэ Владимир и гъэтІылъыгъэхэм хэлъщ.

Фильмхэм зэрыщыдыжэгурыщэ?! Абыхэм я зы щапхъэщ «ЩІымахуэ жащ»-р. Гуимыхужт псалъэншэу, абы щыгуэми и гурыгъу-гурыщІэ псори и нэгум кьищу актрисэр зэрыджэгур. «Уэрэд щхьэ жыпІэри, тетарым кІуэ» къыжеІІа щІэІащ абы щыгъуэ, ауэ сэ къызгурыІуэрт драмэри, комедиери, фІыуэ слъагъу уэрэд жьІэнри оперэм зэрыщыщхъуэздэхьынур», - кьыхеГъэщ Светланэ.

Егъэджакіуэ лэжьыгъэр

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къэрал филармонием щыщылэжьа ильэсхэми, иужькІэ щхьэхуэуи Светланэ щыригъэджащ Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым щэнхабзэмрэ Гъуазджэхэмкіэ и колледжым. Кьеджэ пэтми ильэс куэдкІэ здахуэмыкІуа зыя институтым иджыпсту щыІэщи, а Іэнатіэр ХуабжьуІ игу зэрырыкІыр иБзыщІыркъым.

- Колледжым студентхэм щезгъащІэр уэрэд жьІэным и щэху нэхъ мащІэхэрамэ, иджы езгъаджэхэр нэхъ балигъщ, езы колледж дыдэр кьэзыухахэр яхэтщи, си псалъэр ныкъуэкІыу сакьыгурыІуэ. Абы си Іуэхур нэхъ тынш икІи нэхъ щІэщыгъуэ ещІ. Кьапщтэмэ, ильэсибгъукІэ езгъадж яхэтщ абыхэм - япэ щІыкІэ курыт щІэныгъэ, кьыкІэлъыкІуэу щІэныгъэ нэхъыщхьэ. Емызэшыжу абы сыкІуэну къызэджа ректорми профессор Гъэсашэ Натальи сахуэарэзыщ, щІэблэр гъуаздж льагъуэм тешэныи си гъащІэм и зы Іыхьэ зэрыхухьазгъэхам папщІэ.

Колледжым щезгъэджауэ зы щІалэ институтми щызгъасэрт. И гугъу зэхэфхагъэнщ - Мэкъуауэ Астемир. ЕзгъэщІэнур пкъырыслъхьауэ кьыщысщыхъум, тезгъэгушхуэри консерваториэм згъэкІуащ ар, щІалэм щІыхухъу кьыдэлэжьэн хуейуэ къызолъытэ сэ. ЩІэтІысхьащ, ильэсиТІ еджащ, Рахманиновым и цІэр зезыхьэ дунейпсо зэхьэзэхуэм ящэ увыпІэри кьыщихьащ. Зы махуэ гуэрым къопсалъэри кьызжеІэ си деж къигъэзэжыну зэрыхуейр. ЩІезгъэгъуэжыну сыхэтащ, арщхьэкІэ кьыхсуидакъым. Оперэ уэрэджьІакІуэт и егъэджакІуэри, зэман зэримыІэм къыхэкІыу, игъэзэщІэнуэр кьыхухихырт, мыхъуІаІамэ зэригъэзэхуэжыну кьыжриІэу арат. УэрэджьІакІуэм удэлэжьэным кьикІыр сыт? Ар кьанэ щІагъуэ щымыІэу махуэ кьэс и щІэныгъэм хэбгъэхъэныщ, и макъым укІэлъыплъныщ, бгъэувыныщ. Сыт театрхэм репетиторкэр щыщыІэр Іэджэ зыгъэзэщІа уэрэджьІакІуэ нэхъ щІэрыІуэхэми егъэджакІуэ-гъэсакІуэ щІалэр?! Си гуапэ хъуащ си деж кьыззригъэзар, иджыпсту дунейпсо зэхьэзэхуэшхэм зыхудогъэхьэзыр.

Апхуэдэ уэрэджьІакІуэхэри щыІэщ, зы илъэскІэ си деж щеджэу утыкум илъэдэну щІэхъуэпсхэми зыкьыслухагъаз. Апхуэдэхэм заншІэу яжьзоІэ зыбгъэдыхьэн хуейр сыззэрыармырар. Консерваториер егъэджакІуэ, оперэ уэрэджьІакІуэ, камернэ уэрэджьІакІуэ Іэщ Іагъэхэр зэгъуэсу иІэу къэзыуха си дежкІэ ар лъахъшэуІэщ (зыми я жагъуэ сщІыни сыхуейкъым, щІэджэкІакІуэхэм щхьэщытхъуу сыкъыфщымыхъунуи сыныволъэІу). ЕкІуу зыпхуапэу сценэм уэзрихьэу цІэрыІуэ укъуну зи гугъэхэр щоуэ. Апхуэдэ закъуэтІакъуэ кьаехэкІмэ, пІалъэ кІэщІкІэ цІэрыІуагъэр кьаехэхьмэ, слъагъу хуэдэщ ахэр езыхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ мащІэ кьэзыльэжь доцентхэм кьызэрыщІыдыхьэшхэр.

Льагъуэм и щІэдзапІэр

- «МАДИНЭ» оперэр щыдгъэувам дыгуэавэрт кьагурымыІуэнкІэ. Кьуажэхэм кьрашурэ абы щыгъуэ автобускІэ куэд кьаШэрт спектакльхэм. Апхуэдэу япэу щыдгъэльагъуэхэм утыкум кьыщыхъум зэригъэгуэзавэр, ихуа иужь кьэтэджу Іэгу зэрытхуеуэр щытлъагъум, ешІелеяуэ дыщыгуфІыкІат. Ар щыжьісІэращи, кьагурыІуэнущ, псом хуэмыдэу щыщІыкІуам щыщІэдзауэ щІэппІыкІмэ. Псалъэм папщІэ, сэ сыщыщІыкІуам Шульженкэ и уэрэд жьІэкІэр зыхэслъхьэ щыІэу щытакъым. Шэнтым сытрагъуэвэрэ абы и уэрэдхэр жьзагъэІэу апхуэдэт. ПатефонымкІэ дедаІуэрт, зауэ нэужь уэрэдхэр дахэ дыдэтэкъэ?! Си къуурылъху щыкІу илъэсищ фІэкІа мыхъур Моцарт йодаІуэ. Ар щІыжьісІэращи, щыкІу щыкІэ зыхамылъхэр балигъ хъуа иужь я акъылым нэсхьжьнукъым.

Бэгъуэтыж Светланэ и адэ Батыри макъ гъэщІэгъэнэм иІэт. Орджоникидзе щІалэм дэт мыдрисэм илъэсиблкІэ щеджа адыгэлІым осетиныбзэри хьэрыпыбзэри уэрсэру ищІэрт, игъащІэм школ унафэщІу лэжьауэ щыІэу губзыгъэт. «Папэ «Сулико» уэрэдыр кьызжиІэрейуэ щытащ, - игу кьегъэкІыж Светланэ. - ИтІанэ абы зэчыр щыжиІэкІэ апхуэдизкІэ макъ гуакІуэкІэ ахэр игъэІурти, сыщІэжеикІырт».

Артист Іэщ Іагъэр зыгъэлъэхъшэну хэтхэм я жьІэм тещІыхьмэ, абы ирилажьэкэр нэхъ псынщІэщ, уи бын абы хуэмыгъаджэмэ нэхъыфІщ. Апхуэдэ гупсысэр зыпкрагъэхьа Аминати хуейтэкъым и пхъур артисткэ хъуну, зыщІэхъуэпсыр дохутыр Іэщ Іагъэрт. ЩІэтІысхьащ Светланэ медициниэ колледжым. Мазэ нэхъ емыджауэ абы и тхьэкІуэмэ къицыхъащ музыкэ училищэ къызэрызІуахар. Куэдрэ гупсысакъым. ЕтІуанэм зэрыкІуэр адэ-анэм ямышІэу мазитІ дэкІащ. Адэр арэзыти: «Аминат, и гугъу умыщІ, мыр а Іуэхум хэзэгъэнущ» щыжиІэм, тесабырэжащ. ЦІэрыІуэ хъуа иужь, адэ-анэм зы спектакль благъэкІыртэкъым емыплъу.

- Си анэм щыхущІэмыхьэм и деж папэ кьакІуэрти, япэ сатырым щысу кьызэрплъырт, и нэпсхэр щІилъэщІыкІыу. СельэІурт абдеж дыдэ кьэмыпІысыну, ар щыгъкІэ сэри си гъын къызэригъакІуэм щхьэкІэ, - кьыдогуашэ гукъэкІыжхэмкІэ Светланэ.

Зэи иущэхуакъым

КЪЫЗЭРЫЩІЭКІЫМКІЭ, Светланэ и унэцІэр Гугъуэтыжщ.

- Ленин еджапІэ цІыкІум япэу щІэтІысхьауэ щытахэм ящыщ Батыр урысыбзэ ищІэртэкъым. «Уи унэцІэр хэт?» - жаІэу къыщеупщІым, адыгэбзэкІэ: «Гугъуэтыж», - жиІэри жэуап итащ. Дэфтэрхэр Іыэныкъм зэрызэхихам хуэдэу ятхащ. ИльэсипІыр дэкІауэ кьызэриухакІэ тхьапэр кьыщратыжьым итыр Бэгъуэтыжт. Мыр си унэцІэкъым жиІа щхьэкІэ, зыри кьедэІуакъым, уеблэмэ «уепцІыжакІуэу ара?» жаІэри кьагъэкъуэншэжащ. Арати, апхуэдэу кьэнауэ нобэми ИокІуэкІ. Дунейм щехьжам Гугъуэтыжу ятхыжауэ аращ ди адэр, - жеІэ Светланэ. - Сэ сценэ цІэ лей схуэхъуащ унэцІэр, си дэлъху нэхъыжьымрэ дэлъху нэхъыщІэм и кьуэмрэщ а унэцІэр зезыхьэр, лъэпкъкІэ дызэрыхъури ара хуэдэ хьауащ. Гугъуэтыжхэ зэрыщыту зэрызиблагъэри, си кьуэпсхэр Урыху (Къуэгъулъкъуей) кьуажэм кьызэрыщежьэри зэи зыщыгъэгъэпущакъым, пщІэ, нэмыс яхуэсщу, сакІэлъыкІуэу апхуэдэщ.

Хъуэпсапіэ

- Зы зэманым театрым и утыкум зэуэ кьихьат Гъэсашэ Наталье, ПащІэ Ахьмэд, Гергоковэ Тамарэ, Бэрэгъун Владимир, Дэбагъуэ Хьэсэн, Жанатаев Ислмэхьил сымэ хуэдэ оперэ уэрэджьІакІуэ лъэщхэр. Кьапщтэмэ, цІыхухэми фІыуэ дыкьалъагурти Правительствэми пщІэшхуэ кьытхуищІырт абы щыгъуэ. Иджыпсту гъуазджэм и Іуэхур тІэкІу дэхуэхауэ гу лъызотэри хуабжьу си жагъуэ мэхъу. Ар кьегъэльагъуэ Музыкэ театрым и бжэр ильэсиплІ хьуауэ зэрызэхуэщІам, актёрхэр екІуэлаПІэнэшэу уэрамым зэрыдэтым. Оперэ, опереттэ ягъуэвыну Іэмал яІэкъыми, сабий спектакль цІыкІукІэ «зытрагъэури» щысщ. КъБР-м и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий хуабжьу сыщогугъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гулъытэ яхуищІыну.

КъомыхъулІа щыІэ?

- ХЬУЭУЭ. Си профессорым жиІэу щытащ: «Травиата» оперэм ущыджэгуамэ, гъуазджэм щыпхущІэну пора къэбгъэльэгъуащи, укъыхэкІыжми хъунущ». Сыхьэтищми уитщ абы утыкум, цІыхум ягури я псэри пІыгъэщ. Пэжщ, пасэІуэу, илъэс 35-рэ фІэкІа сымыхъуу, театрым сыкъыІукІыжащ. ЖьымыІауэ, сымыгъэзэщІауэ къэнахэм щхьэкІэ гуныкъуэгъуэ сыщиІэ щыІащ, япэ илъэситхум а Іуэхущ Іапі эмкІэ сыблэкІыну къызэхьэльэкІырт. Арщхьэкіэ иужькІэ къызгурыІуэжащ сыт хуэдэ Іуэхури и зэманым щІэн зэрыхуейр икІи сыщыгуфІыкІыжащ пІалъэ кІыхькІэ абы сыкъызэрыщызэтемыувыІам. УэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ Патти Аделини зэрыжиІауэ: «Утыкум и зэманым укъикІыжьфын хуейщ».

ИтІанэ. Унагъуэ гуныкъуэгъуэ сиІакъым. УэрэджьІакІуэ куэдым яхуэзмыгъэпэщ унагъуэ дахэ сиІэщ: си къуэмрэ си пхъумрэ зыхуей хуэзэ, гъащІэм зи гъэгу щыпхызышыфа цІыхухэщ, си щхьэгъуэсрэщи - цІыху дыщэщ. Си гуащэм, си адэ-анэм сигу мыныкъуэу сабийхэр кьахуэзгъанэрэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ сежьэу щытащ. Аращи, зэрыпсэу Іэщ Іагъэмрэ ар кьыдэзыгъэпсынщІэ унагъуэрэ зэгъуэсу щиІэм деж, пхъурылъху-кьуэрылъхуэмкІэ, абыхэм кьалъхужахэмкІэ щынасыпыфІэм деж цІыхубзыр сыт нэгъуэщІ зыщІэхъуэпсынкІэ хъунур?! ГукІэ сыщІалэ, япэми хуэдэу сыгушІэрей щхьэкІэ, кьызгуроІуэ ГъащІэр псынщІащэу зэрыблэпъэтар. Зэрыжаіэу, уи щІалэгъуэр щІэх-щІэхыуэ уигу кьэбгъэжьжмэ, жьыгъэр кьыпкІэщІэзэрыхьауэ аращ.

СыцІыхубз насыпыфІэу кьызолъытэ, ар икІи си теплъэмкІэ, си дуней тетыкІэмкІэ гурыІуэгъуэ кьыщІэкІынщ. Япэми хуэдэу сынэфІэгъуфІащ, сыжьидэрщ, гушыІэныр зыхэслъхьэ щыІэкъым. Кьысщыщ Іа дыхьэшэн гуэрхэр нобэр кьызідэсыи ягу кьагъэкІыж, сымыщІахэри жьымыІахэри щІагъуэр.

- **Уи насыпымрэ дзрэжэгъуэмрэ хэмыщІыну ди гуапэщ, Светланэ!**

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

БЭГЪУЭТЫЖ Светланэ:

Сынасыпыфіэу къызолъытэ

Скульптор Тхьэкіумашэ Михаил и лэжьапіэ пэшым. *1987 гъэ.*

(ИжьымкІэ къыщыщІэдзауэ) Текуев Мэхьмуд, Бэгъуэтыж Светланэ, Гъэсашэ Наталье, Щоджэн Ленэ сымэ. *1991 гъэ.*

«Мадинэ» оперэм Мадинэ и ариер щегъэзащІэ. *1972 гъэ.*

Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и доцент Бэгъуэтыж Светланэ. *2013 гъэ.*

Уэрэд жыIэным къыхуигъэщIам

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ Шыкъ Михаил къызэрыхъурэ илъэси 100 мы гъэм ирокIу.

ШЫКЪ МИХАИЛ КъБР-м и радиомрэ телевиденэмрэ я хорым, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамблым щылэжащ, Москва категорие нэхъыщхьэ зыхуигъэфащэ солистщ.

Уэрэдымрэ къафэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым 1955 гъэм зыхуигъэхъэзырын щIидзат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъар Москва зэрыщагъэлъэпIнym. Къэбэрэн, хорым хагъэхьэну щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ зэпеуэкIэ кыхахащ. Хорым хагъэхьа цIыху 15-м Шыкъри ящыщ хъуащ. Илъэс ныкъуэкIэ ахэр нотэм хурагъэджащ. Махуэшхуэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэрал гулъытэм щIэту къызэрагъэпэщыгт. Композитор цIэрыIуэ Мурадели Вано Москва кърагъэкIат къалащхьэм щатыну концертыр игъэхьэзырыну. Абы ирихьэлIэу композитор Шейлбер Трувор итхат «Нартхэр» оперэ-балетыр (либреттэр зейр КIуащ БетIалт). Москвадсэхэр зэи зэмыдэIуа адыгэ уэрэдыжьхэр щыхэзахьым, гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ зэращыхьам и щыхэту, лъэIуэгъуэ зыбжанэрэ жаргъэIэжащ. Махуэшхуэм хэта куэдым цIэ лъапIэжэр къыфIащауэ Москва къикIыжат.

Москва яшэну концертым и япэ Iыхьэм щедэIуам, Мурадели Вано гъауэ щытащ. Абы щыгъуэ Вано жилар Михаил хорым къыдыхэтахэм нобэр къыздэсми ящыгъупщэркъым: «Сэ Совет Союзым и хор псоми седэIуащи, фэ фхуэдэу уэрэдым и куп1эр къэзыIуэтэфрэ фи гуп макъ гъэIукIэм хуэдэрэ срихьэлIакъым». Мурадели концертым и етIуанэ Iыхьэм емыдалIэу, Москва кIуэн и пэкIэ артистхэм махуищкIэ заригъэгъэпсэхуэу щытащ. Апхуэдэ лъагэIам нэсат республикэм и хорыр 1957 гъэм.

Москва къикIыжа нэужь, хоритIым хэтахэр щхьэж и лэжьыгъэ пэрыхьэжащ. Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым и гъуса хорым хэтахэм концертхэр яту щытащ. Радиомрэ телевиденэмрэ я хорым хэтахэм ягъэзащIэу щытащ радиом и фондым халъхьэнухэр. А эзманым къуажэхэм кIуэурэ концертхэр ятыри, цIыхухшуэ къекIуалIэу. Шыкъ Михаил хорым хэтхэм я гъусэуи и закъуэуи уэрэдхэр жиIэрт. ФIым я фIыжу къалъытэхэм ящыщт Шыкъ Михаил, Тонэж Мэжид, Къэжэр Джэбрэил, Лопуновэ Мадинэт, Теппеевэ Сэнтlимэт, Отаровэ Омар сымэ Москва къикIа къэпщытакIуэхэм а уэрэджыIакIуэхэм категорие нэхъыщхьэ къыхуагъэфащэри, я улахуэми хущIагъуат.

- Шыкъ Михаил пщIэ, нэмыс зиIэ, ныбжьэгъухэм чэнджещэгъу яхуэхъу цIыхут. Сыт хуэдиз зэманкIэ уримыгъусами, и хьэлэлагъымрэ Iэдэбагъымрэ кIэ зэрамыIэр дэпIагъуат. Макъамэм ехьэлIа щIэныгъэ зримыгъэгъэтами, Шыкъым зэчиишуэ бгъэдэлт, уэрэджыIэным къыхуигъэщIат. Адыгэ уэрэдыжьхэр пылъхьэнщэу, цIыхубэм ягу дыхьэу игъэзащIат. Уебламэ, «Iдиихуу» уэрэдыр япэ дыдэу жызыIэу ятхар аращ. Хорым хэтхэм я гъусэу ар Таджикистаным, Тыркумэным, Сыбырым, Индием, нэгъуэщI щIыналъэ куэдым щыIащ. Шишэ гушыIэ дахэ хэлът, гъащIэр фIыуэ ильагъурт, нэжэгужат, - жеIэ Михаил и лэжьэгъуу щыта КъБР-м и цIыхубэ артист, оперэ уэрэджыIакIуэ Жылокъуэ Мухьэмэдин. - 1957 гъэм Театр щхьэнтIэр концерткIэ кьызэIутхащ. Концерт нэужьым Шыкъ Михаил, КIуэ Борис, Беппаев Сергей сымэ дыззэгъусэу дызыщIэс пэшым Мэлбахьэуэ Тимборэ къыщIыхьэри къыдэхъуэхъуащ. Мэлбахьэуэм Шыкъыр нэхъ и цIыхутэри, зыкуигъэзащ: «Уи фэхэри фIыщ, Мишэ!» - жиIэри. Абы и жуэлру къитыжащ: «Ар бамIэлщ! ЦIыху зыбжанэ дыхъуу зы пэш зэвым дыщIэсщи, ди фэм дихуэжьыркъым». Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу Мэлбахьэуэм Мишэ унэ кьритащ.

1951 гъэм хорым и унафэщI хъуащ хормейстер Iэзэ Орлов-Шузьм Аристархэ. Зэман дэкIри, абы и пIэм ивуащ Пахомов Николай. Къафэмрэ уэрэдымкIэ ансамблым и хорым илъэс куэдкIэ дэлэжьащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткIэ, дирижёр-хормейстер Iэзэ Блэнауэ Быцэ.

- 1939 гъэм япэ дыдэ КъБР-м и хорым сыщыкIуам Шыкъ Михаил щылажьэрт. Абы тенорым и макъ лъагэ зэкIуж иIэт. ЖыпIэнуракъэ, ар КъБР-м и хорым и уэрэджыIакIуэ нэхъыфIэ дыдэхэм ящыщт, цIыху хъарзынэт, солист Iэзэт, - игу кьэгъэкIыж Блэнауэ Быцэ. - Ленинград и консерваторэр къзэхуэу сыкъэкIуэжа нэужьи, КъБР-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым и унафэщIу сыщыщытам Михаил си лэжьэгъуат. Шыкъыр псэуху и Iэщlагъэм емыпщIыжу, республикэм исхэм я гукъыдэжым хигъахъуэу ихьэлэу лэжьащ.

Нобэр къызэдэсым куэдым ягу къоуэ КъБР-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым и гъуса хорыр - 1954 гъэм, радиомрэ телевиденэмрэ я хорыр - 1998 гъэм зэбграгъэкIыжу шыпсэхэр, хъыбархэр щIэблэм дежэ зэрынахьэс Iэмалу диIа уэрэдхэр зыгъэзащIэ хор гъуэзджэ димыIэжу дыкъызэрагъэнар. Къищынэмыщ1ауэ, я жагъуэ мэхъу лъэпкъым и джэгуакIуэ Iэзэхэм зэхалъха, Къардэнгъуцl Зырамыку зэхуихьэсыжа уэрэдыжьхэр, Бэрэгъун Владимир нотэм иригъэзагъэу кьыдагъэкIа тхьилъхэр кьызэрамыгъэсэбэпыр. Языныкъуэхэм «Музыкэ театрым и хорыр-щэ?» - жаIэ щхьэкIэ, абыхэм я кьалэнхэр нэгъуэщI, профессиональнэ лъэпкъ хорым абы Iуэху хуиIэкъым. ЖыпIэнурамэ, зыр театрым, адрейр цIыхубэм яйщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Дэгу Каринэ

КIэхумахуэ ФатIимэ

ЩIэжьокъуэ Зафер

Бабугу Эргун

● Пшыхьхэр

Усыгъэм къиIуэта гупсысэхэр

Сэралъп Мадинэ и унэм щыIэхуэсащ усыгъэм пэкIэ зэпищIэхэр. «Жан» зэгухьэныгъэм илъэс кьэс игъаIэ. гъэм и зэманхэм ящыщу гъэмахуэм и чэзут. Мыпхуэдэ усэ пшыхьхэм я жьантIэр сыт щыгъуи зыхуагъэфащэ ХьэIупэ ДжэбрэIил и усэхэмкIэ ирагъэжьащ зэхуэсыр. ДжэбрэIил и псалъэм щыхьщIыгъуэ зыгуэр хилъхьэ хабзэкъэ - гурыщIэ лъагэхэм щыхьат техъуэ усэхэм къеджэри, а махуэм иусамкIэ иухьащ. Къэбэрдей къэрал драмтеатрым и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ къеджащ усакIуэ ныбжьыщIэхэу ЗыжвокъуэI Людмилэ, КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Гугъуэт Заремэ сымэ я Iэдакъэщ1экIхэм. УэрэдкIэ пшыхьыр игъэдэхащ Макъамэ къэрал театрым и артисткэ Дэгу Каринэ.

ГЪЭМАХУЭМ иращIэкIа пшыхьыр адыгэ лъэпкъыр зэхэшащIэт. Абы къырихьэлIащ хамэ щIыпIэм лъэпкъыбзэр, хабзэр щызыхъума щIалэхэр. Хамэ къэрал къыщалъхуа адыгэ усакIуэхэм къапсэльаэм, ахэр кьызэджа я Iэдакъэщ1экIхэм сыту куэд къыбжаIэрэт, куэдми урагъэгупсысрэт... Хэку гурыгъуэзым иБыгъти, аращ я усыгъэми макъамэ хуэхъуар.

Пшыхьым зыкъригъэхьэлIащ хэхэс адыгэхэм я щIэблэм адыгэбзэр Анкара щезыгъэдж, «Гум къыпыткIуэхэр», «Сэ иджыри сыистамбылакIуэщ» тхылъхэр зи Iэдакъэщ1экI усакIуэ ЩIэжьокъуэ Зафер. Абы жиIащ и усэгъэмкIэ щIалэгъуэлъэм щапхъэ гуэр яригъэлъагъуфмэ зэригуапэр икIи Хэкум ис тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм зыщигъэгъуэзэну зэрыфIэфIыр.

- Хэкум щыпсэухэм я закъуэкъым художественнэ тхыгъэ хуэныкъуэр, фи тхыгъэхэр хамэщIым щыпсэухэмри къытлъэригъэIэсамэ, ди гуапэт. Ди адыгэ усакIуэщхуэхэм я ятхахэм дэри гупсысэ къыхэхъхьнт, щапхъэ тхуэхъунт. - ЩIэжьокъуэм жиIащ бжьыхьэм ирихьэлIэу езыми Анкара адыгэ усэ пшыхь къыщыхэригъэпещыну зэримугъаби.

- Усэр гугъущ, - жиIащ Тыркум къиIэпхъукIыжу Налшык кьыдэтIысхьажа усакIуэ Бабугу Эргун. - Е гуфIэгъуэр е гуныкъуэгъуэр къызэрыпIуатэщ. ЦIыхупсэм уэрэрыльэIэсыфынур усэбзэщ. Усэр Iэщlэу кьысщохъу, къыптехуэмэ - укъитегъаскIэрэ зыкъуигъэщIэжу.

Лъагэуныгъэм, Хэкум ятеухуа усэхэм кьеджащ Тыркум инджылызыбзэр щезыгъэдж адыгэ щIалэ Маргъущ Визир.

- Си гум зыгуэркэр къыщыжиIэм деж сэри соусэ, - къыхигъащ абы. Къаныкъуэ Заринэ, Визир имыщIэхъхэу, и лъэпкъэгъу щIалитIым щаIуигъэщIащ пшыхьым. Япэ дыдэу Хэкум кьихьэжа щIалэм и дежкIэ ар тыгъэ лъапIэщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Маргъущ Визиррэ Къаныкъуэ Заринэрэ.

ХьэIупэ ДжэбрэIил и псалъэ.
Сурэтхэр Къарей Элинэ *трихащ.*

Гиннесс и тхылъым ихуэнущ

Шыщхьэуiум и 23-м пщэдджыжьыр сыхьэти 6-м щIидзэнущ рекордхэмкIэ Гиннесс и тхылъым иратхэну Iуэхур - Iуащхьэмахуэ дэжеиныр. Ахэр Азау тафэм щежьэнурэ Iуащхьэмахуэ и къухьэпIэ лъэныкъуэм, метр 5642-рэ зи лъагагъым дэжеинущ, - жиIащ КъБР-м альпинизмэмкIэ, къырым дэпщеинымрэ спорт туризмэмкIэ и федерацэм и президент Ольмезов Абдулхьэлим.

IуащхьэмахуэУ зэрыдэжхэм кIэлъыплъынущ рекордхэмкIэ Гиннесс и тхылъым иратхэнр нэхъ зыхуэфащэхэр кьызэхъухэм я лIыкIуэхэр. Пори зэхэту метр мини 6 хьу а лъагагъым пэлъэщыну кьалъытэр скайрайнингымкIэ спортым и мастер, Урысейм и чемпион, мы гъэм Памир Лениным и цIэр зэрихьэу щыIэ щыгум дэжеиныкIэ рекорд зыгъэува Шкель Виталийщ.

Спортсменыр бгым щыдэжеикIэ вертолёткIэ я нэIэ трагъэтынущ МЧС-м и лэжьакIуэхэм, республикэм СпортымкIэ и министерствэм, КъБР-м Альпинизмэмкiэ, кьырым дэпщеинымрэ спорт туризмэмкIэ и федерацэм я лIыкIуэхэм.

ГЪУНЭ Светланэ.

● Май щIыналъэ

Сабийхэр нэхъ дэзыхьэхыр

«Гъэмахуэм и IункIыбзэ» Iуэхум хиубыдэу Май районым и сабий библиотекэм и лэжьакIуэхэм гъэщIэгъуэн гуэрхэр къагупсысащ ныбжьыщIэхэр тхылъым драгъэхьэхыным теухуауэ.

ГЪЭМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэм зэрыщIидзэу библиотекэм и еджапIэ пэшышхуэм щагъэуващ къудамэ куэд зытет жыг. Сабийм кьыхиха тхылъым еджэн ихуауэ щаритыжкIэ, абы уагъэ щыкIу жыг къудамэ фIещIэ.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм пасэу ягъэхьэзыра а уагъэхэр зэмыфэгъущ, литературэхэр зытеуха Iуэхугъуэхэм ятещIыхьауэ: пшыхьыр - тхыдэм, щхьэнтIэр - техникэм, шакъафэр - зауэм, удзыфэр - щIыуэпсым...

Апхуэдэ щIыкIэкIэ гъэджэгъуэщIэр кьыщысыну пIалъэм ирихьэлIэу тхылъ хьэмапIэм и лэжьакIуэхэр щыгъуазэ зыкIнущ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм кьриубыдэу сабийхэр нэхъ дзэныхэха жанрым. Абы кьищынэмыщIауэ, щIэджыкIакIуэ нэхъыбэ зиIа тхылъри къащIэнущ. «ЩIэджыкIакIуэр - щIэджыкIакIуэм» зыфIащa Iуэху щрагъэкIуэкIынущ фокIадэм и япэ махуэхэми, гурыIуэгъуэщ сабийхэм зэIэпахын папщIэ къаугъэхьэзырыну тхылъхэр зыхуэдэнур.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



«Хъуэпсапlэхэр нахуапlэ мэхъу»

Шыщхьэуiум и 22-м Налшык, «Восток» киногъэлъэгъуапIэм деж, сыхьэтыр 17.00-м щегъэжьауэ 20.30-рэ хъуху щекIуэкIынущ «Хъуэпсапlэхэр нэхуапlэ мэхъу» псапщIэ марафоныр. Ар эфир занщIэмкIэ къытынущ «1 КъБР» каналым.

КАВКАЗ Ищхьэрэм и артист пажэхэм концерт ятынущ. Марафоным кьыхэкIыну ахъшэмкIэ сабий зеиншэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм щапIхэм ядэIэпыкъунущ. Мы Iуэхур къезыхьэжьа, телевиденэм и лэжьакIуэ Магомедовэ ФатIимэ зэрыжиIамкIэ, илъэс кIуам щыIа марафоным щызэхахьэса сом мин 200-м щIигъур унагъуэ хуэмыщIахэм сом мин тхурытхуу трагуэшащ. Мы гъэм ядэIэпыкъунущ унагъуихым. Абыхэм ящыщу унагъуипIым сабий кьащтауэ япI, уебламэ унагъуитIым щапIыр сабий ныкъуэдыкъуэщ. Адрей сабийхэм адэ-анэ яIэщ, ауэ я узынщагъэм кIэльагъэплъын папщIэ ахъшэшхуэ яхуэхьащ.

Магомедовэ ФатIимэ къызэрыхигъэщамкIэ, мы Iуэхумкlэ я мурадщ сабий зеиншэхэм унагъуэ егъэгъуэтыныжмкIи сэбэп хъуну.

- Илъэс кIуам еплъытмэ, КъБР-м ис сабий зеиншэхэм я бжыгъэр 100-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, - жиIащ Магомедовэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГКУ ВТК-мрэ («1 КъБР») Налшык къалэ администрацэмрэ къызэрагъэпэщ псапащIэ марафоным дэIэпыкъуэгъу хуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэр. Iуэхум хэтщ районым администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, КъБР-м и министерствэхэм я лIыкIуэхэр. Ар ирагъэкIуэкIынущ телевиденэм и лэжьакIуэхэу Аттаев Азноррэ Магомедовэ ФатIимэрэ.

ЩОМАХУЭ Дарье.

Владислав дыдэвгъэIэпыкъу!

Хохлачёв Владислав Василий и къуэм бынитху иIэщ, я нэхъыщIэ дыдэр илъэсрэ ныкъуэрэ иримыкъуауэ. ЦIыхухъум и щхьэм иджыблагъэ фэбжьышхуэ къытехуащ, и нэ сэмэгури нэф хъуащ. Щхьэ куцIым зэраныгъэ зэригъуэтам кьыхэкIыу ар иджы пIэхэнэщ, яп1э гупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуэщ.

ДОХУТЫРХЭМ кьызэралъытамкIэ, ар Китайм кьыщызэфIагъэувэжьсфынущ, ауэ абы США-м и доллар 16500-рэ текIуэдзнущ. Псоми лъэIукIэ зыфхудогъаз Владислав зэрыфхуэзэфIэкIкIэ фыдэIэпыкъуну.

Реквизитхэр: УФ-м и ХьумапIэ банкым Ставрополь къалэм дэт и Кавказ Ищхьэрэ банкым Налшык щыIэ и Iуэхущ1апIэ №8631/0200 к/с 30101810600000000660. БИК 040702660, МФР 30301810460006006033, ИНН 7707083893, КПП 072543001, картэм и счетым и номерыр 40817810160330269168.

Yandex- деньги - 41001126253745

QIWI - кошелек - 89287062988

Web money - 273674643771

Телефон номерыр - 89280766088

● Къалъыхъуэ

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

Урысей МВД-м и Iуащхьэмахуэ куейм щIэ къудамэм къелъыхъуэ **Этезов Алим Эдуард и къуэр,** 1992 гъэм къалъхуар, КъБР, Iуащхьэмахуэ район, Тырныауз къалэ, Колхознэ уэрамдэIым тет унэ №3-м щыпсэуар. Ар 2012 гъэм гъатхэпэм и 30-м унэм дэкIащ икIи нобэр кьыздэсым и хэщIапIэр ящIэркъым.

И тепльэр: см. 170-рэ и лъагагъу, къуэгъущ, щхьэцыгъуэ кIэщIу.

Къалъыхъуэ Этезов Алим Эдуард и къуэм и хэщIапIэмщыгъуаз эщыIэмэ, аркъэгъуэтыжьныжмкIэ сэбэп хъун хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (86638) 4-26-01, 02 е полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъуэм зыхуэзгъэзэну.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэбIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Заирэ, Нэщпэныджэ Заирэ, Хьэжыкъаро Алик, Щхьэцэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэрэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытеухуа хъыбарыщIэхэр, Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту итхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ицIащ* **Щомахуэ Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1633